



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE ACHE 172 IPOTÈK KI AN DETRÈS NAN KOMINOTE KI GEN ANPIL KONFISKASYON YO**

***Dezyèm Faz nan Pwogram CRF lan Ap Pote Kantite Ipotèk Total Ke Yo Achte yo Rive 570 Pou Kapab Ede Fanmi Ki An Difikilte Yo Evite Konfiskasyon epi Anpeche Pwopriyete Zonbi yo***

***Investisman 10 Milyon Dola Total New York lan Ki Te Fèt Pa Fon pou Restorasyon Kominotè a Li Ap Favorize Plis Pase 111 Milyon Dola nan Investisman Prive***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Fon pou Restorasyon Kominotè (Community Restoration Fund, CRF) eta a te achte 172 ipotèk nan yon efò estratejik pou retire pwopriyete ki nan kominote ki sible yo nan sitiasyon konfiskasyon epi anpeche yo abandone kay yo. Fon pou Restorasyon Kominotè a te ede ranfòse pozisyon finansye pwopriyete kay yo, retounen pote estabilite sou mache lojman an nan vwazinaj yo ki atravè eta a. Dènye efò sa ap pote investisman total lan atravè Fon an rive 10 milyon dola, ki te favorize plis pase 111 milyon dola nan fon prive yo epi pèmèt acha 570 ipotèk ki an detrès jiskaprezan yo.

“New York ap kontinye konbat pwopagasyon pwopriyete Zonbi yo nan sipòte pwopriyete kay yo ki ap chèche Rèv Ameriken an epi investi nan vwazinaj ki an danje yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Atravè pwogram transfòmatif sa, yo ap bay moun New York yo zouti ke yo bezwen pou kapab fè amelyorasyon nan kay ki enpòtan anpil, pandan ke y’ap ede kominote yo devlope pi djanm nan chak kwen nan eta a.”

Fon pou Restorasyon Kominotè a ap ofri yon dezyèm chans pou pwopriyete kay yo ak ipotèk ki pa pèfòman yo ki gen founisè sèvis prive ki pa’t kapab asiste yo. Pandan dezyèm faz nan pwogram CRF lan, 172 ipotèk ki fèk fin achte sa yo konsistan ak konsantrasyon ipotèk nan premye faz CRF lan, ki pral ogmante enpak jeneral ke pwogram lan gen sou kominote sa yo.

Gouvènè an [te lanse](#) CRF lan an 2017 pou achte premye 378 ipotèk ki an detrès yo atravè fon an, epi modifye yo pou kapab ede pwopriyete kay yo retounen jwenn asiz finansye ki estab. Pou kapab kenbe pwopriyete orijinal yo nan kay yo, pwogram CRF lan ap travay yon fason ke founisè sèvis piblik ak prive yo pa kapab. Pwogram lan angaje yon rezo òganizasyon lojman san bi likratif ki baze sou plan lokal ki ap bay

oryantasyon endividyèl ak pwopriyete a ak sansibilizasyon dirèk pou antite ki ap prete lajan an pou kapab ede modifiye prè an, epi bay sipò pou reparasyon ki nesese yo pou abòde mentnans ki difere yo.

CRF lan se yon konpozan kle nan Plan Lojman sou senk ane pou 20 milya dola san presedan Gouvènè an pou ka ogmante aksè a lojman epi ede konbat konfiskasyon, pwopriyete zonbi yo ak sitiyasyon sanzabri yo, nan konstwi epi prezève 112,000 kay lojman ki a pri abòdab. Pwogram lan jere pa filyal Ajans Ipotekè Eta New York (State of New York Mortgage Agency) ki nan Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York.

570 kay yo ki aktyèlman nan pwogram CRF lan yo lokalize nan nèf nan 10 rejyon Eta a yo:

- Rejyon Kapital: 47
- New York Santral: 13
- Finger Lakes: 19
- Long Island: 295
- Mid-Hudson Valley: 132
- Mohawk Valley: 8
- North Country: 4
- Southern Tier: 9
- Rejyon Lwès New York: 43

Jiska Janvye 2018, CRF lan te apwouve modifikasyon ipotekè pèmanan oswa eksperimental yo pou 37 pwopriyete kay, ki ap reprezante plis pase 3 milyon dola nan padon pou dèt ki apwouve yo. Yon total 22 pwopriyete kay te swa vin tounen an òd swa peye totalman prè ipotekè orijinal la. Yon lòt 105 moun ki te prete kòb yo ap travay ak yon konseye lojman nan lespwa rive nan yon modifikasyon pou prè.

Nan ka kote yon modifikasyon prè ipotekè yo pa posib epi pwopriyete kay la pa ka sipòte sou plan finansye yon prè ipotekè ki redwi, oswa li pa vle posede kay la ankò, HCR ak patnè san bi likratif li yo ap ofri resous ak sipò pou ede pwopriyete a rekòmanse a zewo. Sa ap asire ke yo pa abandone pwopriyete a, ke yo repare li rapidman epi li rezoud kòm lojman ki a pri abòdab pou yon achtè ki kalifye.

HCR, ki ap travay an patenarya ak Kapital Kominote New Jersey a (New Jersey Community Capital, NJCC), ki se yon enstitisyon finansye devlopman kominote san bi likratif, ak yon patnè ekite prive, te fin konplete acha fakti ipotekè neglijan ki pa pèfòman yo nan kominote ki gen gwo nivo konfiskasyon yo. Finansman pou inisyativ la soti nan akò dedomajman fon Morgan Stanley a te peye Eta New York la. Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa kont konfiskasyon ki klase yon fason elaji nan mwa Jen 2016, ki te enkli kreyasyon CRF lan. Fon rezolisyon ki angaje sa yo soti nan aksyon ki te mennen a kriz ipotekè an, pou konbat konfiskasyon.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, te deklare,** “Gouvènè Cuomo rekonèt ke menm si kriz ipotekè a li fin pase, efè li yo retade epi menase pwopriyete kay ki ap travay di yo ak kominote yo.

Atravè CRF lan, Eta a ap bay soulajman ak sipò pou plizyè santèn pwopriyetè kay New York, sa ki ap ede asire ke kominote nou yo kontinye reyalize reyisit ekonomik”.

**Senatè Betty Little, Prezidan, Komite Sena a sou Lojman, Konstriksyon ak Devlopman Kominotè (Senate Housing, Construction and Community Development Committee) te deklare,** “Fon pou Restorasyon Kominotè a te yon zouti presye nan ede moun yo ak fanmi yo evite konfiskasyon, pandan ke l’ap estabilize tou vwazinaj nou yo. Yonn nan benefis reyèl pwogram sa se konsiltasyon endividyèl ki ap ede moun yo retounen vin sou bon wout lan, epi fasilite reparasyon sekirite epi sanite lè sa nesese. Sa se yon egzanp klè de patenarya piblik prive a ak yon kredi pou rezo administratè pwogram ki baze sou plan lokal san bi likratif lan. Li plis ke yon men asistans, men tou se yon men ki ap gide ki fè pwogram sa se yon reyisit. Mwen kontan dèske nan travay ansanm ak Gouvènè Cuomo ak kòlèg mwen yo ki nan Kò Lejislatif lan nou te rive fè pwogram sa vin disponib pou yon lòt ane”.

**Manm Asanble Steven Cymbrowitz, ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a (Assembly Housing Committee), te deklare,** “Konfiskasyon yo gen yon efè devastatè sou fanmi ak kominote yo, ki ap mennen a deplasman ki envolontè ak yon ogmantasyon nan sitiyoasyon sanzabri. Mwen felisite Fon pou Restorasyon Kominotè a poutèt reyisit li nan anpeche konfiskasyon yo, asiste fanmi yo lè y’ap rekipere de defi fanmi yo epi, an final, ede kenbe kominote New York yo estab”.

**Wayne T. Meyer, ki se Prezidan NJCC a, te di,** “An plis de efè ‘mikwo’ ki genyen nan anpeche yo deplase fanmi yo akoz konfiskasyon epi reyamenaje kay ki vakan yo kòm lojman ki a pri abòdab, li tou gen enpak ‘makwo’ nan redwi deklèn vwazinaj lan epi estabilize valè kay ki alantou yo”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)